

”**W**ONG ka ngene kok *dibandhing-ban-dhingke, saing-saingke, ya mesti kalah...*” senandung yang sering dilantunkan oleh Sri saat ia mandi di kamar mandi. Sri merasa bahwa ia adalah penyan-nyi papan atas yang memiliki suara sekelas Mahalini Raharja saat ia menyanyi di kamar mandi. Suara yang ia miliki bisa dibilang sum-bang, namun ia bangga memiliki suara tersebut jika ia menyanyikan-nya di kamar mandi. Setelah selesai mandi, Sri bergegas mengeringkan badannya dengan sehelai handuk yang sudah sobek-sobek. Ia masih mempertahankan handuk tersebut karena handuk itu pemberian al-marhum ayahnya. Saat ia membuka pintu kamar mandi ia dikejutkan oleh sosok yang menakutkan, sosok itu berjubah putih dan bermuka pu-cat. Lantai kamar mandi yang ma-sih basah membuat ia terpelanting. “Aduh sakitnya...” Rintih Sri yang kesakitan.

“Kamu ini kenapa *ta*, Nenek cuma mau ambil piring.” Sosok tersebut adalah nenek Sri yang menggunakan mukena berwarna putih sehabis menunaikan ibadah salat Magrib. “Kamu ini anak perempuan kok mandi Magrib-magrib, nyanyi-nyanyi pula. Kalau bisa dikurangi ya, dahulu waktu Nenek muda ada sebuah mitos, jika ada orang yang mandi pada waktu Magrib, orang itu akan...”

Belum sempat neneknya selesai berbicara, Sri memotong pembicaraan. “Nenek ini buat aku kaget sampai jatuh.”

Ucapan Sri membuat Nenek tertawa. “Baiklah, Nek. Akan aku kurangi untuk ti-dak mandi pada waktu Magrib lagi. Tapi sepertinya mitos pada zaman dulu sudah ti-dak masuk di akaluku, apalagi ini sudah tahun 2023 lho, Nek. *Ga* usahlah percaya mi-tos-mitos seperti itu. Tapi karena Nenek berbicara seperti itu, aku akan mengiku-tinya.” Sri lalu meninggalkan Nenek seorang diri.

Waktu menunjukkan pukul 17.00 WIB. Sri masih saja duduk di depan meja belajarnya untuk menyelesaikan tugas yang telah diberikan oleh gurunya. “Sri, cepat mandi,su-dah mau Magrib.” Perkataan Nenek itu di-baikkan oleh Sri. Ia tetap melanjutkan tugas Seni Budaya untuk menggambar cita-cita. Pada kertas putih itu terlihat Sri menggam-bar seorang dokter. Ya, cita-cita Sri yaitu



Jangan Mandi Waktu Maghrib

Cerpen: Shintya Paramita

ILUSTRASI JOS

menjadi dokter. Keinginannya yang besar un-tuk menjadi seorang dokter dipengaruhi oleh masa lalunya. Ia ditinggalkan oleh kedua orangtuanya akibat penyakit yang butuh pe-rawatan dokter. Namun akibat kekurangan biaya, orangtua Sri membiarkan penyakit tersebut mendekam di tubuh hingga akhir hayat. Oleh karena itu ia kini ia belajar de-ngan giat agar bisa menjadi seorang dokter. “Sri, ayo mandi, sudah Magrib. Sudah Nenek suruh mandi dari satu jam lalu, masih saja ngeyel.” Kekesalan Nenek Sri sudah tidak terbendung lagi. Telinga yang tergantung anting emas putih peninggalan dari ibunya itu ditarik oleh Nenek, dan akhirnya Sri meninggalkan meja belajarnya dan bergegas menuju kamar mandi. Nenek lalu mening-galkan Sri untuk salat Magrib di masjid dekat rumahnya.

“Sial-sialnya ku bertemu dengan cinta se-mu... Tertipu tutur dan caramu... Seolah cin-taiku...Puas kau curangi aku... Bagaimana...” Lagu yang viral itu dinyanyikan oleh Sri saat ia mandi. Sabun yang ia pegang ia gunakan seolah-olah menjadi mikrofon. Ia terkadang mengarahkan mikrofon tersebut ke bawah agar para penonton ikut bernyanyi bersa-manya. Sri mendengar suara iqamah tanda salat Magrib di masjid akan segera dimulai. “Astaga aku lupa, aku sudah janji sama Nenek buat *nggak* mandi waktu Magrib. Aduh... aku lupa. Kalau Nenek tahu pasti

aku dimarahi,” ucap Sri dalam hatinya. “Tapi apa yang bakal terjadi sama aku kalau mitos itu aku langgar? Nanti coba aku tanya Nenek.” Pikiran itu terbersit dalam pikiran Sri.

Dari dalam kamar mandi, Sri yang mulanya menghidup-kan kran bak mandi, tiba-tiba ia mematikan kran tersebut. Ia mendengar suara nyanyian dari balik pintu kamar mandi yang sudah lapuk itu. “Suara siapa itu? Seperti suara Ne-nek. Tumben Nenek nyanyi Magrib-magrib begini...?” tanya Sri dalam hatinya. Sri lalu menghidupkan kran air kembali dan melanjutkan mandinya. Namun suara tersebut terdengar semakin keras dan aneh, Sri lalu mem-percepat mandinya. Sesaat ia melihat betisnya ada ruam berwarna ungu kebiruan seperti bekas cubitan.

Sri lalu membuka pintu ka-mar mandi dan bergegas masuk ke ka-marnya. “Tok-tok-tok...” Pintu kamar Sri diketuk oleh Nenek yang baru saja pulang dari salat Magrib.

“Maaf ya, Sri, Nenek baru pulang. Ini Nenek bawakan bakso,” kata Nenek sambil menenteng bungkus kresek hitam berisikan satu porsi bakso.

“Nenek baru pulang? Terus tadi siapa?” Sri yang kaget melihat Nenek baru saja pulang dari masjid. Sri mengambil mangkuk lalu menuang kuah bakso yang masih panas itu. Ia makan bersebelahan dengan Nenek. “Nek, memang mitos jika ada orang yang mandi pa-da waktu Magrib itu apa?” Ia bertanya sam-bil menuang sambal ke dalam mangkuk berisi bakso tersebut.

“Kalau ada orang yang mandi pada waktu Magrib, orang tersebut akan mengalami hal aneh pada tubuhnya, entah betis, bahu, atau anggota tubuh lainnya biasanya akan memar. Nah, itu jadi muncul sebutan cubitan setan.” Mata Sri melotot mendengar per-kataan Nenek barusan. Ia lalu melihat ke arah betis. Di dalam hatinya berkata,”Ini ber-arti cubitan setan.” □-d

*) **Shintya Paramita**,
lahir di Yogyakarta, 17 Februari 2003.
Aktif di Lembaga Pers dan Penerbitan
Mahasiswa Kreativa. Studi di Sastra
Indonesia FBSB UNY.

MEKAR SARI

SIYUUT! Dluwang selemba kabur ka-gawa montor lan mobil kang pating sliwer ing dalan. Pleg. Dluwang mau tiba ing ngarepe Sutini. Sutini njupuk dluwang mau.

“Alhamdulillah, entuk dluwang kena kanggo nutupi rai kang keplorong lan kepanasan. Penak ya, yen duwe mobil kaya wong-wong kang pating sliwer kuwi. Panas ora kepanasan, udan ora kudanan,” kandhane Sutini karo mesem.

Awan kuwi Sutini kulakan ubarampe kanggo dodolan. Sawise kulakan, Sutini bakal menyang toko bangunan. Toko bangunan lumayan adoh, Sutini ngeyup ing ngisor wit ringin luwih dhisik. Awake sumendhe ing wit gedhe kuwi. Barang abot kang digawa disele-hake ing cedhake. Dluwang selemba kang dijupuk ing dalan mau banjur kanggo kipas-kipas, sanajan wus kra-sa silir. Angin kang semribit ndade-kake Sutini liyer-liyer lan bablas turu.

Nganti sauntara wektu, Sutini krungu suwara montor. Gregah. Sutini tangi lan sadhar menawa dheweke wus bablas turu. Sutini ng-goleki barang gawane. Blaik! Barang mau ora ana. Ing sakiwa-tengene pa-pan kuwi, uga ora ana. Sing ana mung kendharaan kang pating sliwer. Ora ana tandha-tandha wong kang kudu dicubriyani. Mbokmenawa barang mau ilang nalika Sutini lagi penak-pe-nake turu.

Jantunge Sutini dheg-dhegan. Atine kemropok. Barang abot gawane Sutini mau barang dagangane bojone. Ing kono uga ana dhuwit kabuntel plastik kresek kang ora sithik kanggone Sutini. Dhuwit kang dilumpukake mbaka sethithik lan dicelengi ing cemung tilas roti. Dhuwit kang dilumpukake kuwi bakal kanggo tuku semen lan keramik kanggo ndandani omahe. Dhuwit mau dhuwite Sutini dhewe anggone nyambut gawe.

Sutini gela banget amarga dhuwit mau ucul saka tangane. Kahanan awan kang pa-nas banget mau dadi katon mendhung. Pandelenge Sutini uga katon blabur. Pikira-ne Sutini bingung lan semrawut. Ora krasa luh tumetes ing pipine Sutini. Astagh-firulahaladzim, dhuh Gusti, kula nyuwun pangapunten.

Atine Sutini ndremimil kanthi donga kang ora pedhot. Sutini lungguh lan ngelus dhad-ha. Kang isih ana ing cedhake Sutini ya mung dluwang selemba kanggo kipas-kipas

sadurunge turune bablas. Dluwang mau banjur dilempit dadi papat lan dilebokake ing sak klambine.

Sutini mbacutake laku bakal mulih ing omahe, ora sida menyang toko bangunan. Dheweke mbayangke kepriye mengko yen bojone ngerti menawa barang dagangane ilang. Sadalan-dalan, Sutini ngeklasake dhuwite kang wus ilang. Nanging dheweke duwe panyuwunan marang Gusti Allah su-paya ing omah mengko Sutini ora disengeni



Sutini

Cerkak: Amien Trisunu

ILUSTRASI JOS

dening bojone. Sajroning bebrayan karo bo-jone, Sutini wus apal lageyane bojone. Yen ana prekara sethithik wae banjur muring-muring ora pedhot-pedhot. Dene Sutini mung meneng lan ngampet supaya luh tetep nggantung, ora dadi udan deres.

Ora krasa, Sutini wus mlebu dalan mlebu omahe. Tangga-tanggane Sutini padha mesem grapyak semanak marang Sutini. Nalika arep mlebu ing plataran omahe, Sutini meruhi omahe kebak wong. Sutini tambah dheg-dhegan. Duh Gusti, ana apa iki? Batine Sutini karo mlayu tumuju ing ngomahe.

“Mbok, Simbok!” panyeluke Ragil, anake Sutini sing cilik dhewe.

Sutini marani Ragil kang ngawe-awe ngundang dheweke.

“Ana apa iki, Le? Kok akeh uwong. Bapak

nang ngendi?” pitakone Sutini karo ngos-ngosan.

Tangga-tanggane Sutini mbaka siji ngruket Sutini kanthi kenceng lan nyalami Sutini kanthi mesem lan mripate mbram-bangi.

“Iki ana apa?” Sutini mbengok lan mlebu ing njero omah.

Katon bojone lagi ngguyu-ngguyu sinambi nemoni dhayoh, embuh sapa dhayoh mau. Sutini kang kemropok banjur rada lega

meruhi bojone kang ora ngapa-nga-pa. Ditambah bojone ngguyu-ng-guyu sajak bungah. Apamaneh meruhi Sutini teka, bojone tansaya katon seneng. Mripate sumunar, eseme jembar, lan omongane uga sabar.

“Niki semah kula, Pak,” kand-hane bojone karo nuding Sutini.

Sutini manthuk lan mesem.

“Wah, alhamdulillah, begjanipun panjenengan, Bu,” kandhane dhay-oh mau.

Sutini ngingetke bojone kanthi bingung.

“Awakmu oleh hadhiyah saka bank,” kandhane bojone.

“Hadhiyah?” kandhane Sutini isih bingung.

Dhayoh mau banjur nyritakake yen Sutini duwe celengan ing bank. Pancen dhuwite ora okeh. Nanging ndilalah kersane Gusti, Sutini oleh hadhiyah undhian mobil. Sutini el-ing menawa mbiyen tau nabung ing bank kang disebutne dening dhayoh mau.

“Niki mboten apus-apus ta, Pak?” kand-hane Sutini karo ngelap luh kang mrebes mili.

Dhayoh mau manthuk-manthuk lan mene-hake surat saka bank. Surat mau ing mburine ana dluwang kanthi gambar mobil. Owalah, Sutini kelingan karo dluwang kang ditemu ing dalan mau. Dluwang kang disak ing klambine banjur ditokake lan ditama-take. Kanyata dluwang kuwi padha. Isine pengumuman hadhiyah undhian bank. Jenenge Sutini katulis gedhe banget ing ngi-sor gambar mobil. Sutini bungah lan ngucap sokur marang Gusti. Dhuwite ing kresek kang ilang mau wus diijoli kanthi bebungah kang luwih gedhe. Bojone kang dicritani me-nawa barang kulakane ilang, uga ora nesu. Kabeh panyuwunan kang ana ing pikirane mau dadi kedadeyan kang nyenengake. □-d

Oase

Faris Al Farisi

JUMAT TERAKHIR DI KOTA JOGJA

Rachel Qurrotul Aini Alexandria

Malam ini, matamu
Tak lagi serupa daun
Kala menahan embun

Ternyata, bulir perpisahan
Lebih dulu mendarat
Dalam timangan subuh yang sepi
Dan mungkin rindu bakal abadi.

Kenangan sudah kau kemas rapi
Lemari, jendela, kasur, dan kaca
Menatapmu dengan sunyi.
Mereka meratap tanpa suara.

Dari seberang, seseorang termenung
Manatap langit, meski ia tahu
Sekarang musim penghujan
Dan rembulan tak akan pernah datang.

Ya! Dia gila
Tapi gila adalah pilihan
Bagi para pecinta
Dan waras hanya akan
Menjadi malapetaka bagi setiap kata.

Hahaha!

Kau tahu?
Dia begitu berharap, pertemuan sore itu
Juga kau bawa, dalam kopormu
Terselip dalam buku catatan, bahwa
Asa seseorang pernah kau tuliskan.

Gowok, 2022

DI BOTOL ITU, KLERENG KIAN MENGGIGIL

Ingatkah kau
Ketika hujan kembali bertandang
Tanah-tanah melunak
Terjamah tawa kanak-kanak

Kita bergegas menyusun Klereng
Dengan garis kerinduan
Sehabis kamarau
Melambai pada awan

Lalu kita pulang
Di pengujung senja
Membawa sebotol klereng
Sambil mengemas sisa-sisa usia.

Namun, di penghujan kali ini
Klereng itu hanya menggigil
Dalam botol tua
Yang makin terkikis usia.

Gowok, 2023

Geguritan

Bambang Nugroho

PANGGUNG PAGELARAN

Panggunge pagelaran katon gumyak
Ora mung kanggo njoged apa nembang
Nanging rembugan kanthi tuding-tudingan
Tantang-tantangan lan getak-getakan
Rebut bener rebut menang
Adu wuleting ukara landhepe suwara
Sapa ingsun sapa sira,

Nganti kaya lali purwaduksina
Anggone ngemban amanate kawula
Katone alus jebul sesongaran
Katone pinter jebule brangasan
Amung mburu piye kudu menang
Emoh ngaku kalah apamaneh ngalah,

Mbegegeg ngugemi ajining dhiri
Jarene wani nyatani wedi
Muga tekan amung landhepi lathi
Ora tekan pingget gething jroning ati
Kareban panggunge pagelaran
Tetep bakuh ora ambruk utawa ambyar
Bangunjiwo, 1 April 2023

SAYA NDADRA

Dibrastha kok saya ndadra
Dijama kok ya ngambra-ambra
Kaya ora ngerti tumindak dora
Ora duwe rasa dosa
Jare ngaku ngrasuk agama
Cekel kalungguhan mulya
Padha lena nyawang akehe arta
Kang kudune kanggo rejane para kawula
O... tindak culika
Dibrastha kok saya ndadra
Kaya ora kapok-kapok
Apa kudu nunggu tekane siksa
Bangunjiwo, April 2023

DALAN WEKTU ESUK

Pating bluru kaya salang tunjang
Oyak-oyakan rebutan dalan
Dhisik-dhisikan banter-banteran
Gedandaban selak ora sabaran
Enggala katekan ing papan ancas
Kudu kebak pangati-ati amrih keslametan,

Nyingkiri ketamane kacilakan
Tuhu mring pranatan
Lumaku kanthi alon lan lumrah
Lampu setopan abang aja kalanggar
Nyenyuwun dedonga mring Gusti Pangeran
Dadi sangu utama aja nganti kalepyan
Bangunjiwo, Maret 2023